

UKUBAHUKA GUSANGIRA UKWIZERA KWAWE



**Kino gitabo canditswe n'umumpfasoni
ALISON FENNING**

**Gisobanurwa mu rurimi
rw'i Kirundi na
Pasteur NSHIMIMANA Mathieu**

Ukubahuka gusangira ukwizera kwawe

Yesu yabwiye abigishwa biwe ati: *“nahawe ububasha bwose mwijuru no kw’isi. Nimugende rero muhindure amahanga yose kuba abigishwa, mu babatize mw’izina rya Data, ry’Umwana, n’irya Mpwemu Yera, mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Kuko ndikumwe namwe kugeza kumpera y’isi”.*
Mat; 28:18-19

Iki cirwa categuriwe gukoreshwa n’abungere, abavuga butumwa hamwe n’indongozi z’imirwi runaka mu mashengero canke n’umukristo afise umuhamagararo wo gushingir’irintahe abandi. Abo bose bategerezwa kuba bafise ubumenyi mw’Ijambo ry’Imana cane cane mu kwizera kwanyu, akaba afise n’umutima w’urukundo kubandi Bantu kugira abegereze kuri Kristo.

Gifise intumbero zo guter’intege abarongoye abandi canke urya wese afise umuhamagararo wo kwagura ubwami bw’Imana inshimikiro rikomeye mugusangira n’abandi ibishingantahe vyacu muntumbero yo kwegereza abantu kuri Kristo. Harimwo n’uturorero twafatiyeko kugira tuze tugutere intege mukuremesha ikiyago kubakwumviriza bose.

Twabishizemwo kugira ngo bibe nkakarorero kuri wewe uko wovyifatamwo mu kwongeramwo iyindi mirongo ya Bibiriya n’inkuru yawe ishobora gufasha.
N’isengesho ryacu kuri wewe kugirango iki cirwa coba icingira kamaro kuri Wewe mu kuguter’intege mu gikorwa c’Imana yaguhamagariye gukora m’**UKUBAHUKA GUSANGIRA UKWIZERA KWAVE** n’abandi banyotewe kw’umva inkuru za Yesu-Kristo.

Warahezagiwe muri Yesu
Alison FENNING

Niwaba wansanze kino cirwa ca gufashije, ni kuki utoduter’intege natwe
Twandikire kuri e-mail yacu hama urindire tukwishure
E-mail: Alison@rsvptrust.co.uk

0. INTANGAMARARA

Iki cigwa “*c’Ukubahuka gusangira ukwizera kwawe*” categuwe nk’igikoresho co fasha amashengero yigenga n’ayandi matomato mw’Isi. Mu guter’intege abantu bose bizera Kristo nk’Umwami n’umukiza wabo kugira ngo barushirize guterwa izo ntege mugusangira n’abandi inkuru z’ukwizera kwabo.

Ivyiyumviro birimwo bishimikiye hanini mu gutegera kwacu kw’ivyo ivyanditswe vyigisha. Twiyumvira ko ibi vyiyumviro twashizemwo bihuye n’inyigisho ngendegwako dusanga mu mashengero Atari make.

Twarashizemwo ivyanditswe vyo muri Bibiriya yera kugira ngo bize bigufashe gutahura neza. Tura senga ngo Mpwemu yera azovuge ukuri n’ubushobozi muri wewe biciye mu rayo majambo y’Imana uzokoresha uriko usangira n’abandi ivy’ukwizera kwawe.

Turasenga kugira ngo Imana izoguhe Ubuntu bwayo n’urukundo kubantu uzohura n’abo. Nk’abanditsi twaranditse kandi twaratanze kino cirwa ngo kikubere umugisha kinaguter’intege yo gusangira n’abandi bimwe muvuyo waronse:

- Uramaze kumva inkuru za Yesu-Kristo?
- Nigute wahuye na Kristo?
- Nigute wakiriye agakiza?

Canke niyihe nkuru yawe bwite ufise yoba nkifashanyo mukuzana abandi kwizera canke nabo bashobore kunyurwa n’igishingantahe cawe babone gukizwa. Ivyo birakenewe ko ubibwira abandi kuvyerekeye inzira ya Yesu, bikunze dusohoke tuje mu bisagara umwe kuwundi musangira ukwizera kwanyu.

Muri iki gitabo uzonsangamwo kandi uturorero twinshi twivyo nagiyeye ndacamwo kandi vyafashije jewe ubwanje kumpuza n’abantu muntumbero yo kubazana kuri Kristo. Niwakoresha bimwe murivyo ukanongeramwo inkuru zawe bwite wagiye ucamwo mu buzima, nimba arivyo vyatumye ushikira ako gakiza bibasangize kuko bizofasha benshi kunyurwa no kumva kwiyegezeza Imana cane cane mukugurura Imimita yabo ku Mana. Murico gihe Mpwemu w’Imana azorushiriza kuguhuza n’abandi kugira bafashwe biciye kuri wewe.

Ibuka ko abantu muzohura bafise imico itandukanye, hanini wame w’iteguye buri igihe, wisengere imbere y’uguhura n’umuntu canke n’abantu hama utegure ivyo muza kuvuganaho. Mpwemu Yera akurongore kandi azo guhuze nabo mu zohura.

Twaranditse hama turatanga ik’icirwa ngo kikubere umugisha wo kuguter’intege zo gushikira benshi bishoboka. Tuguhaye uburenganzira bwo kwongeramwo ico ubona ko ar’icingira kamaro muribi vyirwa, kugira ngo bifashe cane abo muzosangira kugikoresha.

Uhawe uburenganzira bwo kugwiza kino c’irwa, uzitange kubandi nk’uko wewe wiyumva canke wisunze igitigiri c’abo uzoba mushaka kuganira nabo. Uremereye kuzihindura uzishize mururimi rwawe kavukire. Ico tugusaba gusa n’ukuturungikira ivyo uzoba wahinduye kugirango tubishire kubuhinga ngurukana bumenyi bwacu (**SITWEB**) kugira ngo bize bifashe abandi baharonkere ubumenyi no gutahura kubikorwa uzoba wakoze muri kazoza.

Ukubahuka gusangira ukwizera kwawe

IBIRIMWO

- ❖ Intangamarara
- ❖ Ukwitanga/Ukwiyemeza muburyo muzamakungu
- ❖ Uguseruka mu bantu
- ❖ Inzira ya Yesu
- ❖ Imvuga butumwa mu bisagara
- ❖ Umwe kuwundi; gusangira ukwizera
- ❖ Umunzane w'Abamarayika
- ❖ Ukuronka uguhuzwa n'abandi
- ❖ Gute wogira ibiyago?
- ❖ Ibiyago; sangira inkuru z'agakiza
- ❖ Ube uwurema bishasha mu biyago
- ❖ Itegere

Urigerera uvyuka hama ukiyumvira uvuga uti ngiye kurondera ivy'ukwiyemeza mu buryo mpuzamakungu? Ego, narigeze.

Twese turafise icifuzo c'ukuvuga ivyerekeye ivyo dukunda n'ivyo twipfuzwa, turakunda nk'umupira w'amaguru, ivy'impuzu, imidugo mitomito, amareresi n'ibindi. Turashobora neza kuvugana kuvyerekeye ivyo vyigwa. Mugihe twahora tuboshwe n'ibiyayuramutwe, umuziki, imanza, amasinema. Turashobora kuba abahambaye, abashobora gusangira ivyagakiza kacu n'abandi.

Ugusangira agakiza kacu n'abandi biroroshe cane. Ingorane ziza mu gihe tutaremezwa gute tworonka ibiyago canke tugashobora kwiyumvira kuvyerekeye ivyo twahevye n'ivyo twataye. Naramenyereje imigwi myinshi imyaka myinshi ihaciye ndabajana mu mabarabara hama bacitse abasanzwe mukuba abizigirwa badasanzwe.

Nama nkoresha uburyo nacyemwo muri Afrika / nko kuja hanze nsaga abantu mu myaka myinshi nkaganira n'abantu. Ivyo woshobora kuvuga vyoba ibidasanzwe kuri jewe, hama wiyumvire ikidasanzwe n'ingene wogisangira n'abandi? Ubu none uri mu biki? Gute ukwizera kwawe kwofasha m'ubuzima bw'abandi?

Kugiranira ubugenzi n'abantu mu mabarabara mu kubaramutsa urikumwe n,'imbwa yawe canke uriko uragendagenda mw'itongo ryawe yoba ari intambuko ya mbere mu guhuza n'abantu. Biguha akaryo mu kurondera kuba icabona ata gutinya. Wiyumvire cane ahantu hasanzwe ugira uje, nk'ibutike isanzwe, aho banywera ikawa, kw'ishengero. Hama ube umuco aho hantu no kuba umuco ku Bantu.

UGUSERUKA MU BANTU: AKARORERO KO GUSOHOKA HANZE UBASANGAYO

Igihe Data wanjye yari amerewe nabi m'umwaka uheze naragiye kumufasha, hariho ahantu baja banywera ikawa hasanzwe. Mpitamwo kuza ndahagendera kenshi kugira ngo Data aruhuke gato hama kugira ngo habe ubugenzi n'abandi. Mu gihe ndahavuye narasezeye ndabashimira ku karuhuko keza baduhaye. Uno musu mu buhinga ngurukana bumenyi turi abagenzi ivyo bikamfasha kugira igishingantahe biciye muri ubwo buryo. Kuja uboneka mu bandi no kubona Imana igufasha mu kuja mu bandi.

Imvuga butumwa n'ibikorwa vyo hanze natanguje canke nabayemwo vyari bitandukanye. Ntutinye gutera intambuko no gutangura ibintu bishasha n'abandi Bantu. Igikorwa ngirakamaro mu mirimo no gusangira n'uguca mu buhinga ngurukana bumenyi mu gukorera abandi. Nararongoye ishengero nashoboye gusanga munzu ya **Geys, Essex**, igihe ca Noheri n'akaryo ko gusangira imfungurwa n'amasengesho. Twabifashe ibisanzwe kuko twinjiye mu mazu turugururirwa mu buryo bwa kivandimwe. Abenshi bara dutumiye dusangira akayi n'ugusengera hamwe. Twarashoboye kubatumira igihe ca Noheri imigwi y'abandanije tura nagirirana imigenderanire myiza. Mu binsanzwe vyagenze neza.

Igikorwa co gukiza carahabaye mu mabarabara mw'isi y'impwemu ku bw'umugenzi wanjye. Narafashe umugwi w'abantu turasengera abandi indwara. Abenshi ntibansenze ngo abandi bakire ubwambere ariko Imana yariyeretse muribo. Intambwe imwe gusa Imana yabanye natwe. Twarasenze hama turababwira aho vyose biva. Benshi bari bazi Imana ariko ntibari bazi ivya Yesu. Akaryo kanini kari ukuganira ivya Yesu hama iba akaryo ko kuganira n'uguhura na Yesu.

Ishengero nishimikiza ni iry' i Suffolk 2004, narafashije abari bafise iyerekwa kubw'urwaruka rwo mu bisagara batangure nabo kuja kurondera abandi basore kuko ishengero ryari rifise urwaruka ruke rukora ico gihe. Twaragiye mu bisagara aho abenshi bahuye n'abandi bavuga ko bavuye mu mashengero atandukanye hama vuba cane batangura amateraniro y'urwaruka n'ugutangura itugenegene nk'ukwoga, n'ibindi. Ivyo bikorwa birabandanya hama hari ica hindutse, abavuga butumwa buri ukwezi hari ivyo bakora hamwe n'inyigisho z'ukuba abigishwa. Abavuga butumwa bashobora kwigisha aba pasitori bakwubaka.

Uguhura n'isi y'abasambanyi mw'ibarabara, ngo mu buhinga ngurukana bumenyi. Uguhura ubwa mbere n'abarya dushaka ko duhura nabo hama tukarema umugwi, ugukorana n'amashengero, ukurungika ikete mu mihana imwe kugira habe ugusenga n'abandi bapasitori gushika aho bazopfira. Narahuye n'abadamu mu myaka myinshi iheze bari baje no kuja mu mahinguriro hama bakabandanya bahura cane bakaba ivyabona iyo hanze mubuzima bwabo. Impamvu zimwe tubikora nukubera amadirisha uko yuguruye mu buryo busanzwe. Ukwereka akarorero k'ubuzima n'uko bogira ukwizera mu ngendo muja mw'ijuru bizofasha n'abandi dusanga hanze. Rimwe rimwe nsohoka n'abadamu barondera Imana tukabona mu bikorwa mu mirwi, barabibona bakanabikora. Birakomeye kandi n'urugendo rwa Yesu.

Imyaka myishi iheze Imana yaruguruye imiryango. Umutima ubishoboye n'urya usabwa kubona natwe mukuja mu bikorwa. Umuryango urugurutse biciye kuri umwenedata yabisavye kurugurura ibikorwa muri Afrika mu gutegura imigisha y'abarongozi b'ishengero, abavuga butumwa, n'abatanguza amashengero akomoka i CONGO, UGANDA, TANZANIA, RWANDA, BURUNDI, guha ivyangombwa abenshi. Gufasha abavuga butumwa kuja mu bikorwa. Muri ivyo bikorwa twarashoboye gutangura ibiganiro kuvyerekeye teorogi n'ivy'ibikorwa, kuja hanze kuzana benshi kwarashobotse. Iyo foromu yashoboye gutuma benshi basohora ivyiyumviro nka nje na wewe gute twoja hamwe tuka vyumva kumwe. Ndiyumvira gute umwe hagati yanyu mu mashengero yanyu uko yiyumva mu mutima. Birabereye ukwo kwemerera ishengero kuba rishobora ibikorwa vy'ukuja hanze kuzana benshi.

Muri 2004, twaratanguye imigambi yitwa **“UMWIDEGEVYO”** mu Rwanda bikaba vyarashikiriye abadamu mu vy'uruganda ruraba ivy'ibitsina biciye mu vy'imvuga butumwa. Twatanze inyigisho z'ukuba umwigishwa tubishiraho mu bumenyi n'ubushobozi bw'ukwigisha n'ugufasha kubaha ivyankenerwa. Uwo mugambi urimwo gukora ahantu hose hitwa **“Ahantu ataciza kihava”**, bituma abantu benshi bashwabaduka bakizera bakanajana ubutumwa. Abadamu bagwana n'abandi. Naransanze ko duhura dusangira inkuru za Yesu ziboshe imbere. Barashoboye kwiyunga n'izo nkuru za Yesu yapfuye ku musaraba abapfira, abenshi ntibari bigeze bavyumva, ivy'urukundo rwiwe imbere na mbere.

Ndiko mvuga zino nkuru mu gutanga urugezo nerekana ivyiyumviro nk'ivy'Imana ishobora gukora biciye mu ngabire yawe mw'ishengero ku vy'iza. Ndafise ububasha buvuye kuvyo nacyemwo kandi nobikoresha mu kuzana umwidgevyo ku bandi. Imana ihindura ugufyina kwacu bikaba ubutumwa. Ubwanje vyoba inkuru zoshobora kuba imigambi, ubu ndiko ndaraba ndabirabira kure nkabona ko ar'ibintu bihambaye, nahaye abandi.

Aho uri hose kw'isi hazoboneka akaryo ko guseruka mu bandi hama ugacengetera. Ubaka mu kibano. Uvumbure Imana nk'umuntu w'umunyamahoro, hama atanga inkomezi, abantu rero boshobora kubakira muri ubwo buhinga.

Mugusoma ubutumwa bwiza turashobora kubona ko Yesu yarafise uburyo bwo gukora ibikorwa vyawe neza atanakimwe yibangikanije.

1. Gusubiza hamwe no gutanga ivyankenerwa yashize hamwe umugwi wiwe mu myaka itatu, abazokwiragiza ubutumwa bwiza mu mahanga yose. **Mat; 4: 18-22**
2. Yesu yarigishije umugwi kuvyerekeye ubwami: kubamenyereza ukuri, ukwizera imigenderanire, ukugororoka, urukundo, imbabazi, kuvyerekeye umushaha. **Mat; 5: 8**
3. Yerekanye ubuzima bw'amasengesho, ugukundana, gusenga hamwe n'abarwaye mu kubabohozwa, **Mat; 8:10**
4. Kurungika bamwe 12 hama bamwe 72 (Yesu ntabwo bajanye) urukundo rwo kurungika. Nimba umurongozi ari igihe cose ari uwabarongorwa, ntibazo kwigera bakura no kumenya gute bobikora.
5. Yababwiye muri make igihe ya bagarutseko hama bakanasenga, **Mat; 9:10**
6. Yabahe inkomezi mu misi yabasize hama abaha ubutwari nkuko Imana yabikoze igihe ca Yohana umubatizi. **Yoh; 16:17-33**

“Yesu arababwira: nahawe ububasha bwose mwijuru no kw’isi. Nimugende rero muhindure amahanga yose kuba abigishwa, mu babatize mw’izina rya Data, ry’Umwana, n’irya Mpwemu Yera, mubigishe kwitondera ivyo nabageze vyose. Kuko ndikumwe namwe kugeza kumpera y’isi”.
Mat; 28:18-19

Yesu yaratoranije cumi na babiri. Ya koze umugwi aranabiisha, acababwira bagende. Vuba bamwe 12 baba abatanguye ishengero ryambere.

Ntidukeneye kwisunga ku gitiri ariko kuronka abizera kutigisha ivy’Ubwami, ukuri no kubaha uburyo bwo kuvuga ubutumwa bwiza no kuba kubikorwa. Nkuko Yesu yabahaye ivyankenerwa barya natwe nuko kw’ishengero mubihe vyose.

IMVUGA BUTUMWA MU BISAGARA

1. Ugutegura Abantu: Amasengesho yakivandimwe, gusangira ivyiyumviro, kugira ishengero ryo hanze mu bikorwa. Kworosha ibikorwa n’ivyabona.
2. Gukoresha ikirangamisi c’ivyabaye nk’igikoresho mu butumwa bwo hanze kuja hanze imbere y’uko babwirizwa. Hari inkomezi mu muhamagaro wa buri muntu. Abantu bazoze kubera ko babona imigenderanire myiza ufise.
3. Iyumvire imvuga butumwa ryo hanze wogira mugufasha abantu, ubahe inomeru hama werekane ukuri kwawe. « ukunde umubanyi wawe nkuko wikunda ubwawe»
4. Tegura ishengero mukwerekana igikorwa c’ubugiraneza, twugurure imitima yacu kubandi bantu.
5. Ubutumwa bwo mu mabarabara, ishengero ryo gira mukuja mu mabarabara, kumvuga ubutumwa bwiza, bagasengera abantu ugukira indwara zabo. Iyumvire ivyo wokora bishasha birenze c’ivyo wotanga. Vyotuma ushika kure nkuko abantu ufise bogira iyerekwa n’ukwizera, hama ubutumwa nyabwo buzofasha ivyo bikorwa neza.
6. Garagaza amahuriro mu mashengero hama ubafashe kuvugana cane muburyo bwinshi. Bafashe kuronka akaryo ko kwiyunga na Yesu no kumushingira intahe mu buryo bugaragara.

7. Kubamenyereza ivyigwa (kwigishwa) hama basohoke baje kugerageza mu kwubaka imitima mu gusangira ukwizera bafise n’abandi.
8. Shira imbere imvuga butumwa mu kuja hanze mu bikorwa. Ukuba umwigishwa wa Yesu bifasha gukura mu vya Mpwemu. Koresha ivyigwa mu migwi mito izokwerekana umubiri wa Kristo.

UMWE KU WUNDI: GUSANGIRA UKWIZERA

Umwaka uheze, nafashe umugwi w’abanyeshuri ba Bibiriya mu mabarabara yo muri **U.K.** (Angletaire) akazi kabo kwari kuja guhura no kwiyunga n’abandi Bantu ngo baganire ukwizera kwabo mu buryo bwiza. Nabamenyereje amayinga make uko bobingenza.

Mu gihe nari nkibarindiriye mbona umuntu afise ibikoresho hama ndamwegera turavugana. Ahanini nari ko ndamwumviriza ndamubaza ibibazo hama nanje ndamubwira inkuru z’ukwizera kwanje. Ndamusigurira igitabo comufasha ndamubwira ko nzobandanya ndamusengera iryo joro. Ivyo nivyo vyodufasha twese n’abandi.

Rero duhereze abandi umwanya atavyo kubakomeretsa; cane cane Bibiriya nkingabire twotanga kubandi. Ukwo guhura vyahaye uwo muntu kubakwa, guterwa intege mu Mana.

Filemoni; 6 “Ndasenga ngo mukerebuke mu gusangira ukwizera kwanyu n’abandi Bantu, kugira ngo muronke ivy’Imana vyose dufise muri Yesu-Christo”.

Hariho uburyo 5 bwo kuzana Ubwami bw’Imana buboneke ku Bantu:

- Ukuvugana
- Ukugaragaza (igikorwa c’ubugwaneza)
- Ivyanditswe
- Ukwigisha Ijambo
- Ibimenyetso n’utwumiza

Nahora nsangira n’abandi ukwizera kwanje nk’Umwana ntamenye ko ivyo nariko nkora mu gutanga amakarata ya Yesu, amafoto ku bana bato mu mashure. Nahora ndabajana mu **CU** Igihe nari nkumwana ndondera Imana hama ndavangirwa. Narangirije mu vyo kunywa ibiyayuramutwe. Naja ndyagagura aho mbonye hose, ariko nashaka impinduka. Ivyo vyabaye mu gihe nashaka kuja mu mashengero kurondera Imana Data.


Nabonye mu gihe nariko ndumviriza abantu basangira ukwizera kurabo hakanabazwa n’ibibazo. Ariko **“Bibiriya ivuga ngo ikiri mu mutima w’umuntu giserukira ku munwa”**. Ubwambere nari mu kabare mu biteramo vyijoro mbaza abantu ivyo biyumvira kubwa Yesu? Nariko ndondera inyishu ivyo nivyo dukeneye mu gihe turiko twumviriza abantu.

UMUNZANI W’ABAMARAYIKA

Umunzane uriho kugira udufashe mu vyerekeye ugutuma tumanako muri buri rugendo rwo kwizera. Tumaze kumenya aho umuntu ari ahagaze mu munzane k’ukwizera ningombwa kumushikana ku rundi rugezo. Rimwe na rimwe Mpwemu Yera azoturongora kubishikako no kuntego nyayo.

UMUNZANI W'UMUMALAYIKA

INTAMBUKO KURI
KRISTO



Ndi uwuhuza abantu mu kubana n'abo. Yesu yahoze ari umuhuza w'abantu aho yaja hose, ababonye akabitaho. Yesu yaja avuga ivyubwami bw'Imana. Ariko icambere yara huza abantu.

Iyumvire ivy'Imico, Imvugo y'umuntu, ijwi, ugutwenga, ukwiyumvira ubwo buryo bwoguhuza n'abandi. Abantu benshi bagendana n'ubutumwa ariko ntibamenya ibirimwo n'ukuntu bovyifatamwo. Mugihe uravye umugwi w'abadandaji mw'ibarabara baba bafise ubutumwa ariko ikibananira n'uburyo bwoguhuza n'abandi.

Ubwa mbere duhure n'abandi. Ukubonana imbona nkubone n'ingirakamaro mu bumwe hagati mu migwi, mu gihe uvyiyumvisemwo ubikore neza nko mu mayira. Nivyiza gutangura ibiganiro mu gutwenga abandi hama tugatangura kuganira. Narigeze kubikora mu buryo bwokubabara abandi mu kuvugana no kwumviriza abantu. Wibuke gukoresha ijambo ry'ubwenge, ry'ubuvugishwa n'ihishurirwa. Mubisangire muburyo butomoye.

Nariko umusi umwe ndondera ubushakashatsi kuvyo abantu biyumvira kuvyerekeye ishengeru n'ivyo abantu bakeneye. Twaregereye umuntu umwe turanamubaza ibibazo vy'ubushakashatsi ariko ibiganiro ntivyari bisanzwe. Igihe yariko aravuga, bukwinabukwi nca mvuga nti: « haheze igihe kingana gute uri umushakashatsi? » uwo muntu atangura kugira ubwoba, avuga ngo « wabimenye gute ivyo? » ‘ Wabimbwiye mu mwanya waheze gato, yishura ngo Oya, sinabikubwiye. Uwo muntu amera nkuwubabaye aca avuga ko atigeze abivuga. ‘Kumenya ko ivyo umuntu yahoze ari umushakashatsi n'uko yavuze ijambo ry'ubumenyi.

Ico ngomba kuvuga muri iyi nkuru n'uko hari ijambo ry'ubumenyi riguma rigaruka buri umwanya mu buryo butabereye mu mvugo tutarandiriyeko. Rero bifata abantu, bikabababaza mu gihe batazi ko Imana iriho ivuga n'iviyumviro vyabo n'imitima yabo.

N'ibiki wotangurirako mu guhura canke mu guhuza abantu. Mubisanzwe, rimwe na rimwe kubaza ikibazo ni vyiza.

- ✓ Ntuzwe we, uraho ?
- ✓ Nariko ndiyumvira ibi nk'ikintu twovugana
- ✓ Mbega urigera usenga? nabaye nsenga mu kiringo
- ✓ Wibaza ko hari igitangaza uno musu?
- ✓ Wigeze wiyumvira ko hari ikirengeye ivyo tubonesha amaso, twumva, dukora ko?

Hama ubandanye amajambo n'utundi tubazo twofasha ibiyago vyanyu. Warigeze uhura n'abera b'Imana? N'ivyiza mu gihe musangiye n'abandi mu kubana mugihe muri hanze mu migambi y'iterambere y'ivy'Impwemu.

Ntuzwe utinye mu biganiriro n'abantu batizera, ganira ivy'Impwemu. Guhuza ni mugihe muriko mukorana cane cane hamwe n'abagore mu mabarabara. Abo barabiryohereye kuko kenshi abantu baratubona.

Umuryango w'ukuganira uzokwuguruka canke wugarwe. Nimba utinya, ujugumira, ushavura menya ko uzohura n'abandi bakavantara. Gerageza ube uko wamwe hama ntuzwe ushavure. Ntasoni mukugira ukwizera no gushingira intahe uko kwizera nyene waronse.

Ni ngombwa ko twiyigisha bukebuke mu kwiyumvira uyo tuzohura uwariwe uko tuzogana nawe n'uburyo tuzobikora. Gerageza ukobukeye ukoreshe ivyankenerwa vyose uko bukeye. Ube wenyene hama ukoreshe ivyankenerwa kugira ushikire benshi.

Imyaka irahaheze iyi miryango ine inyugurikira mu gusangira ukwizera. Imiryango ine yugurutse iyo mfashe:

1. **Kuboneka:** Dutegerezwa kwidengevya mu mitima no kugira umwanya n’abantu.
2. **Ugucika kwicumu:** dushire amanga, twugurutse mu gusangira ukwizera atasoni canke ubwoba, ivyo bisaba uwacitse kwicumu.
3. **Urukundo:** ni ngombwa tugire wa mutima w’urukundo ku Bantu. Tubigire mu gushira imitima yacu ku Mana, n’imigenderanire n’Imana. Tugire umutima woroshe, kuguma tumase n’Imana Data.
4. **Umviriza:** umviriza, umviriza- kuvyerekeye ibikorwa vy’Imana ku buzima bw’umuntu n’ukubishirako agaciro. Ubwami bw’Imana bwajye. Mwihane mwizere ubutumwa bwiza. Imana iri kubikorwa gira uguhuza n’abandi.

Kimwe mu vyo umuntu acamwo nagize mu kuja mu mabarabara ni mu gihe na huye n’umwigeme munzira. Yaciye ahagarara impande ya sitasiyo arondera akazi, ahageze aca avuga: “Bite! Umeze neza?” Ego ndaho weho?” Imana ishimwe nashatse kubaramutsa – umeze neza?” Ndabaza kandi aca arashavura. Ndamvuga nti jewe ndi Alison kandi mva mw’ishengero rifasha abantu. “Aca aratwenga anyereka umusaraba” Nari ngiye gukorora amosozi kuko natahuye ko atahura cane urukundo rw’Imana iri ku bikorwa mu buzima bwiwe.

Mu gihe nariko ndamumenya imyaka myishi. Nca menya ko Imana iri ko iramuzigama n’isanganya z’imodoka. Naguma ndamwereka ko Imana ihari ko itamwibagiye. Nagize akaryo ko kumenya uwo mu kenyezi mu kumutoza indero imyaka 15 imbere y’uko apfa. Ndaryohewe ko uyo musu naciye ngarukiza aho n’uku mwumviriza mu bikorwa vy’Imana mu buzima bwiwe.

GUTE WOGIRA IBIYAGO?

Turakeneye kumenya uko umuntima w’umuntu uteye nka Nikodemu, Yohana; 3? Wibaze muri wewe mugihe uriko urahura n’abandi. Mu kwumviriza rondera ahantu heza. Bamwe ntibiteguye kwumviriza.

Yesu yamubwiye inkuru nziza zo gukwirikiza kandi yamenye ko Nicodemu yimfuje kurondera vyukuri Imana aho kuba gusa umunyamategeko ashaka impari. Yesu yari umunyabwenge akoresha amategeko mu gukebura ivyo yari akeneye nk’Umukiza. Turashobora gukenera uburyo umuntu avuga mu kwumviririza no gutahuranka Yesu yabikoze mu nkuru.

Umu Samaliyakazi kw’iriba ni akandi karorero mubiyago vy’Impwemu muri Yohana; 4, turabona Yesu akoresha uburyo umuntu yisanga mu mwidengemvyo. Yavuze neza na neza uko abona uwo mugore yari uwacitse kw’icumu mu kubaza ibibazo. Yesu ntiyamu ciriye urubanza ariko yagerageje kwerekana ivyo akeneye nkikintu gihambaye cane. Yesu yari akeneye mu buryo bwankenerwa umushaha si ibimuvamwo. Yaryohererwa kubona n’abantu akabitaho cane.

IBIYAGO: SANGIRA INKURU Z’AGAKIZA

Naraganiriye n’abakozi, abaporisi, abakora muri banke, abafise ubunywero bwa café ku vyerekeye ivyo dukora muri Angletaire no muri Africa. Barakunda kubaza uko vyifashe bishiraho imfatiro gutanga impamvu y’ivyizigiro mu gihe abantu babajije ibibazo. Ndabishingirako ijisho kugira ntibibagire ibiyago vyiza. Ivyo biyago biteragira imbuto z’agakiza kugira abantu babandanye urugendo kurondera Imana. Aho niho intango ishobora kuba igikoresho ku Bantu barondera kuvumbura vy’inshi.

Iyumvire Imana yaguhishuriye vuba vyinshi. Ni ibiki biba mu gihe wansenze vuba mu buzima bwawe? Ni hehe ivy’Imana yaguhaye vyagaragara mu buzima bwawe? Tororokanya ukwizera kwawe mu vyo wacyemwo nawe ubisangize abandi.

Narindi munzira mva imuhira muri Amerika aho nari munama n'abandi n'ari nicaranye n'umudamu akuze. Mu masaha atandatu turi mu kurangiza ivyigwa ntangura kuvuga aho nahora n'ivyo nahora nkora. Ntangura kuganira n'abandi. Uwo mudamu atangura kumbwira ivyerekeye umukobwa wiwe wambere kandi yari yitwararitse kuja mu bandi kugira baje muri Afrika hamwe n'abo. Uko yambwira izo nkuru n'uko mbandanya ntwenga. Nkabandanya n'umviriza hama aca araruhuka.

Nanje ntangura kumubwira ivyerekeye Afrika ndamubwira ko ariho naronkeye agakiza. Kwari ukuja mu hira dufashe indege. Nkuko Petero avuga ngo twame twiteguye kuja mu bikorwa.

“Ariko mu mitima yanyu garagaza Kristo nk’Umwami. Mwame mwiteguye kwishura umuntu wese ababajije kubabwira ivy’ukwemera urifise. Ariko mu bikore mu bugwaneza no kwubaha”
1 Petero; 3:15

Kuyaga ni nko kwugurura ipake y'amakarata ushaka gukina. Vuga inkuru zawe z'itandukanye n'abantu batandukanye.

Vuga Yesu mu nkuru zawe. Sengera abantu mu gihe uriko uraganira hama Mpwemu Yera azokurongora aguhe ivyo uvuga n'ivyo utovuga.

1. **Kwitanga:** Ube umuntu yikwegerako abantu, ubababara, raba ivyankenerwa uvyiyimve mwo. Yesu yarifatira abantu. Narabonye uwudafise ahaba mu bwongereza afise icapa: “ugutwenga ntaco bisaba, ntakiguzi yari afise amaso y'ubururu atwenga twenga aca arangomwa.
2. **Wame ukunda ivyabandi:** ihweze, urumwe, wige abantu. Yesu yarihweza agatahura abantu ivyo bashaka n'ibibazo vyabo. Wame uteguwe kubwabantu nkuko Yesu yari ameze.
3. **Ube uwutegura abandi mu buryo bwiza:** tereza isengesho, inkuru z'ukugene Imana ikorana nawe canke inkuru z'abandi uzi, wumvise.
4. **Ibiyago bijanye n'ivy'Impwemu:** “mfise ivyo nacyemwo vy'Impwemu”, natahuye ko nari mu makosa nkorana n'ishirahamwe rifasha abantu, “mfise ivyo nacyemwo bihindura ubuzima”. Jewe nama nja mw'ishengero, weho? Wiyugurure mu vyo kugenda mw'ishengero, ntugire isoni.
5. **Ubikore inzu ku yindi:** canke kukagurira kuko bigufasha mu kukumenyereza, bituma kandi utagira isoni za vyo.

Gerageza guteza imbere umwuga wo kuvuga Yesu n'ubwami bwiwe. Mu butumwa havugwa “Yesu yo vugana n'abantu” Ubwami bw'Imana buri hafi ya nyu”. Yarigisha ivy'Ubwami n'agaciro kabwo. Turi umugabane w'agacirok'Ubwami bw'Imana, rero tubayeho kubutandukane n'abandi. Abantu babone ubwo butandukane hama babaze kuki ubwo butandukane. Ivyo bizotanga akaryo ko gutangura gusangira ivya Yesu n'abandi.

Hari uburyo bwinshi bwo gusangira ukwizera kwawe, uko uzobikora bivana n'aho utuye uko hameze n'abantu muzoba muvugana. Ngizo ingingo zikurikira uko wobigenza.

1. **Sangira n'abandi inkuru zawe:** uko wahindutse n'inkuru zawe zijanye n'ivy'Imana. Vuga uko wahuye n'Imana. Mfise igitabo c'indoto hama uvyandike ahantu hama umusi bizoshika uzozivuga mu migenderanire yawe n'Imana. Richard umugabo wanje afise agatabu k'ubuvugishwa kubwiyo mpamvu. Turashobora gusangira inkuru. Imana ntishingiye ku bitabu kuko iriho kandi ikora. Andika ivyo Imana ikora.
2. **Igiti kivuga:** ivyo wobisangira n'abandi kw'isamirizi, mu mugwi. Igiti gifise umugozi imbere mu mutumba wukuri utuma uvyibuha.

3. **Vuga ivy'inkomezi za Yesu:** n'igikorwa ciwe co kuriha ikiguzi. **Ab'I Kolosayi; 1** n' Aba Nyefeso; I ubwambere ganira ivy'ubutumwa, ivy'abadayimoni uko bafata mw'isi y'umwiza. Nganira nkoreshye ivyo vyanditse ko amaraso yonyene niyo amenagura ivya badayimoni, ayo maraso ya Yesu

Ico gihe umengo n'ivy'ubusazi ariko ndabandanya n'ivyanditswe. Uwari yataye Yesu ico gihe yaraje kundaba asaba imbabazi kuri bike yari yakoze. Baraje kunshimira kuvyo navuze.

Turashobora kwibagira ugukomera kw'Imana n'ukuri kwa Yesu n'ivyo adukorera ivyo birashobora kubohora abandi bari mu mwijima no mu buzima bw'Impanuka.

Ukabaza; urazi uko Yesu ari? Ivyo vyokwugurura umuryango. Mu kubaza nkuko. N'Imana yiyerekana mu mubiri w'Umuntu, **Yohana; 14:5-14**

Ukuri kw'urupfu rwiwe- Yesu yuguruye umuryango kugira turonke ubugingo budashira, rero turekuye ubugingo bwacu mu rupfu, tuguma turi bazima mu Mpwemu tukuzura Yesu. Umusaraba n'ivyo utanga mu kumenagura ivyakaboregwe, kubohoka amadayimoni bimenagura umuvumo uhoraho wogutandukanya n'Imana, ukaronka imbabazi z'ibintu bituremereye. (Icaha)

4. **Sengera abantu:** abantu bake banka amasengesho. Vuga ivy'Ubwami bwa Yesu kw'isi, ibitangaza, urukundo ku bandi bantu, igikorwa c'ukugororoka, ukwigisha, ivyo waronse vyose imbere muri wewe n'ivya Yesu; bisohore. Izo nkuru zubaka ukwizera. Ubwambere narigeze kubaza umudamu nari nzi turi mu butumwa bwo hanze nimba ushaka ubusabane no gusenga. Ico cyumviro yaragikunze, hama mfata umutsima na vino, ac'arondera kumenya kuki na koze ivyo. Oya, ariko ntiyamenye impamvu kuko yari inyuma. Na ciye ntwenga. Ntangura kuvuga Yesu hama turasengana ac'arakira Yesu nku Mwami n'umukiza wiwe, n'urukundo rw'Imana muri we hama tugiriranira ubusabane. Sinigeze nzana umuntu kuri Yesu biciye mu busabane imbere kandi sinshobora kuzobikora kandi. Jewe kwari ukubaza ikibazo gusa bica bimpa akaryo.
5. **Raba ikibazo gitumbereye:** kuki hariho ukubabara kw'inshi mw'isi, wumvirize inyishu y'umuntu hama ugaragaze ivy'Imana. Bibiriya ifise vyinshi vyo kuvugako kuvyerekeye imibabaro iri mw'isi n'ivyudatunganiriza abantu. **Yeremiya; 17:9-10** n'imirongo ibiri ivuga kuvyerekeye ivyo abantu bakeneye kumenyako ukuri.

“Umutima uribeshya kuruta ibindi vyose, ninde yo mumenya? “Jewe, Uhoraho, nsesa umushaha, nkaserangura ivyiyumviro, nkagerera umwe wese ibikwiranye n'inzira ziwe, bihwanye n'ivyo yakoze.”

Warigeze uharira umuntu kuvyo yakoze? wabikoze gute? Zana rero izo nkuru zawe. Ni Yesu aharira kamere kacu n'imyifato yacu hakaza ukwidegemvya kububi n'ibimaramare. Twovuga ivyerekeye itongo rya Edeni igaragara buri musu mu buzima bwacu. Gushika aho tuba muri Yesu ntitwidegevyu gukora iciza. Ntitugire ubwoba kwiyumvira cane no kwishura ibibazo vyawe. Nimba turiko twiyumvira kukungene abantu bariko bakira indwara abandi ntibakire ariko abandi bariko barakira.

6. **Ibindi bigirwa mana ni gute.** Hari utundi tu mana ariko Kristo ari hejuru yatwo. **Aba nyefeso; 1:21.** “Hejuru y'ububasha bwose, n'ubutwari n'inkomezi n'ukuganza n'izina ryose rivugwa, si muri iyi myaka gusa n'iyizozza, Yesu arabirengeye.” Iyumvire ivyo abantu biyumvira, hama kuki ivyo? Ganira kuri vyo nyene.

7. **Umviriza cane:** nimba twosangira ukuri mu nkuru nyazo abantu bazokwumviriza uyo n'umuco tubayemwo. Ivyo bisaba ko abantu bumviriza ivyo abandi barimwo kuvuga hama ngaragaze ibikorwa vy'Imana mu buzima bwa Bantu. Aho turaronka ico dusangira n'abandi. Aho turaronka ibikorwa bisa bisana twoganirako n'abandi hama ibizovamwo vyugurura imiryango mu kubaza abantu ko bifuza kwakira Yesu n'ibikorwa vyawe mu bugingo bwabo hama bigatunganya igikorwa.
8. **Mpwemu Yera: Yohana; 16:5-15,** afise igikorwa co kuzana abantu kuri Kristo, kubemeza ivy'icaha, rero dutegerezwa gukorana na Mpwemu Yera. Tukamwumviriza, tukamubaza, tumusaba kurobanura izindi mpwemu mu biganiri tugira n'abandi. Turakeneye ubwenge bw'Imana n'ihishurirwa. Mpwemu azana ingabire kuri twebwetwe tukazi koresha, **1 Ab'I'Korinto; 12: 8-10.**
9. **Koresha uburyo buboneka:** Genda witwaje ibitabu hama ubitange. Itwaze udukarata hama udutange. Koresha ubuhinga bwa websites, amareresi. Tanga za Bibiliya. Ubushize ubushakashatsi bwerekanye ko 4% vy'abantu muri Angletaire benshi baza kuri Kristo biciye mu vyigwa hama ibice binini biciye mugusoma bibiriya. Ivyo binyereka ko abantu baduzwa biciye mu gusoma ivya Kristo.
10. **Koresha ivy'imico:** muri rusangi; mugihe usangira n'abandi ivy'ukwizera kwawe kubijanye n'imico y'abandi, iyumvure ivyo uriko uravugaga n'uburyo ubivugaga mwo. Iga ivyerekeye imico n'ukwizera kw'iyi mico, vyofasha cane. Narafashe amashurwe ubwambere nk'igikorwa c'ukuba umugwaneza kumushinwakazi yakora mw'ibarabara kuko ntiyabaye cane muri Angletaire. Kubwanje cari igikorwa c'ubugwaneza. Kuri we amashurwe yasobanura urupfu mu mico yabo! Dukeneye kumenya ivyo turimwo n'ivyo tuvugaga tukabikora neza, tukarondera igitarurwa rusangi tugatangura ibiyago vyiza.

Narigeze guhura n'ingenzi mu Rwanda rimwe mw'i Hoteri impande ya piscine dutangura kuvugana ivyerekeye igitabu citwa **"IBANGA"** Atangura kubarira uko ico gitabu kiri, abavugaga bambwira ivyindoto zabo. Ivyo vyatuma herekanwa uburyo indoto zabo zabaye, zashitsweko. Ndumviriza ndaryohererwa maze kuvugaga ivyukwizera kwanje muri runo rugendo, nashatse gusoma cane ico gitabo kugira ntahure cane gute novugana n'abo Bantu hama bumve inkuru za Yesu.

UBE UWUREMA BISHASHA MU BIYAGO

Rimwe na rimwe turagira amateranirwa n'abantu hama tukavugana ivy'ukwizera. Aho rero turonka akaryo ko gusengara hamwe mu gihe vyiyuguruye hama hakaba ibibazo. Kumbure bavugaga oya, ikindi gihe tuzosenga. Habe ivy'imvugabutumwa hama murongorwe n'Imana muri ubwo buzima.

Iyumvire inenge hagati y'ibiyago n'ukwihana. Nakoresheje ijamba: "woshobora" kwakira icyo Mana navuze, neza na neza muburyo bwa none. Ubwa mbere vugana nawe mu buryo butaboneka hama abantu batangure kwiyumvira, kugira ngo bumve ukubaho kw'Imana hama ubibasigurire neza ivyarivyo. Kunda uwo muntu mwahuye hama bumve ubushuhe mu buryo bwo gusenga. Munyuma sobanurira ivya Yesu isoko y'ubwo bushuhe yumva.

Nca mpereza buri muntu agatabu kitwa "kugenda n'Imana" kugira tuje mu kindi kiringo c'ukwubaka umuntu kiretse uburyo bwiza n'ururimi rwumvikana. Hama winjire neza mu cigwa nyezina. Ikindi gihe bizofata igihe.

Gira isengesho rikuryohera wosangira n'abandi Bantu mu gutangura urugendo n'Imana. Turi mu kibanza ciza aho abantu bumva kunguruka kuko turi mu mico myiza hama abantu bazo shaka ibikomeme bokwizigira.

Mu gihe tuvugaga ivya Yesu nivyiza ko tuja mu biganiri kugira turonke abantu, ubwoko bw'Abantu bizere bimwe aho rero duce dukura ica rimwe hama tukajya hamwe mu rugendo.

Isi y'ubuhinga ngurukana bumenyi ni ubuhinga bwo gutuma tumanako amakuru bwo duza Yesu, vyongereza abantu kuvuga ivya Yesu mu kwizera. Ninde hari ico musa musana n'abantu mwoca mwerekana ukwizera kwanyu? Ndafata umwe mu Bantu mpura nabo mwivuga butumwa, basoma ibitabu, basengera abantu. Ni ivyo kuba hamwe n'ugutera intege abandi kugira bakure mu kwizera.

MWITEGURE / ITEGURE

Iyumvire cane ubwoko bw'ibiyago mwogira. Ibibazo bimwe bikurikira vyogufasha mbere na mbere:

- Imana yerekana itandukaniro ririho mu buzima bwanje;
- Gute na huye n'Imana?
- Itandukaniro Imana yakoze mu buzima bwanje?
- Shirahamwe inkuru z'abantu mu gihe bahuye n'Imana;
- Uwo bohura n'Imana gute?

Wibuke imvuga butumwa ko ari ibiyago vy'Impwemu. Iyo niyo si tubamwo uno musu kandi tube bamwe bo mu bwami bw'Imana mu gusangira ukwizera kwacu mu rugendo turimwo gushika uno musu.